



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE AVÈTISMAN POU VWAYAJÈ YO NAN TOUT ZÒN  
ONÒ VIL NEW YORK YO AKOZ TANPÈT NÈJ LA**

***Gen Gwo Van Fò, Anpil Nèj k ap Tonbe ak Vizibilite Fèb k ap Kreye Kondisyon  
Danjre pou Moun Kondui Toupatou Atravè Eta a***

***Yo Anile Anpil Santèn Vòl k ap Soti nan Ayewopò Rejyonal Vil New York yo***

***Yo Entèdi Traktè Remòk yo, Bis ak Motosiklèt yo Pase sou  
Pon Mario M. Cuomo a***

***Yo Pwolonje Lè Sèvis Sant Dapèl Depatman Sèvis Piblik la  
Jiska 3 Mas - 1-800-342-3377***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon Avètisman pou Vwayajè yo nan tout zòn onò Vil New York yo ki mande pou yo limite vwayaj yo akòz kondisyon danjre sou wout yo paske tanpèt nèj la ap afekte pifò nan Rejyon Nò New York la. Aktyèlman la, gen yon melanj gwo van fò ak anpil nèj ki lakoz pàn kouran nan plizyè zòn, epi vizibilite sou wout yo ekstrèman limite.

Plizyè avètisman pou tanpèt nèj la yo rete an vigè toupatou atravè eta a. Anpil nèj imid te tonbe pandan lannwit la epi nèj pral kontinye tonbe pandan plizyè èdtan jiska aswè a. Rafal van fò pral kontinye avèk van k ap rete ant 32 ak 48 kilomèt alè epi li posib pou rafal yo ant 64 ak 80 kilomèt alè. Nèj la pral vin pi sèch ak pi lejè epi melanje ak gwo van vyolan yo, pral lakoz kondisyon yo danjre k ap rann li ekstrèman danjre pou moun kondui akòz van k ap soufle nèj la pandan l ap akimile. An vigè imedyatman, akòz van vyolan yo, yo entèdi traktè remòk yo, bis ak motosiklèt yo pase sou Pon Mario M. Cuomo a.

“Avèk menas van vyolan yo ak kondisyon danjre pou moun kondui jiska aswè a, mwen te pibliye yon avètisman pou vwayajè yo pou ekip k ap netwaye ak chas nèj yo, ekip konpayi itilite yo, ak premye sekouris yo kapab fè travay yo epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap kontinye travay pou nou kenbe wout yo lib epi si ou pa bezwen, pa vwayaje jodi a, mwen ankouraje w retire kò w sou wout yo.”

Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) pral pwolonje lè sèvis Liy Sekou Sant Dapèl yo jodi a kòmanse apati 7:30 A.M. rive 7:30 P.M. epi kontinye soti 9:00 A.M. rive 5:00 P.M samdi 3 Mas la, jan sa nesesè, pou ede kliyan nan efò retablisman yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

Tout ayewopò rejyonal nan Vil New York yo LaGuardia, JFK, ak Newark Liberty rete ouvè jiska maten an, avèk anpil reta ak plizyè anilasyon. Yo te anile 550 vòl k ap soti LaGuardia, yo te anile 290 vòl k ap soti JFK, epi yo te anile 322 vòl k ap soti Newark. Li pwobab pou tout ayewopò yo fèmen akòz move tan ekstrèm lan. Yo ankouraje vwayajè yo pou yo kontakte konpayi avyon yo pou detèmine estati vòl yo avan yo rive nan ayewopò yo.

Konpayi itilite New York yo gen 3,800 travayè entèn ak kontraktè ototal ki deja prè pou ede nan efò retablisman apre tanpèt la. Kantite total sa gen ladan resous yo resevwa atravè asistans mityèl yo. Con Edison gen sou plas 425 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 15 kontraktè adisyonèl; Central Hudson gen sou plas 300 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 50 kontraktè adisyonèl; PSEG Long Island gen sou plas 705 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, ki gen ladan 300 kontraktè Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA), ansanm 50 kontraktè adisyonèl; National Grid gen sou plas 1,200 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, NYSEG ak RG&E gen sou plas 785 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 50 kontraktè adisyonèl epi O&R gen sou plas 210 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo.

Aktyèlman gen plis pase 158,000 kliyan ki pa gen kouran paske van ak anpil nèt imid te kase poto ak kab elektrik yo. Gouvènè Cuomo ap ankouraje rezidan yo pou yo rete lwen nenpòt kab ki kase paske yo ka toujou gen kouran ladan yo epi li ofri ti konsèy sekirite sa yo:

### **Prepare pou Pàn Kouran**

- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.

- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.

## Si Ou Nan Blakawout

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la \(New York State Department of Public Service\)](#). Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

## Kondwi ak prekosyon

Koz prensipal blesi ak lanmò pandan tanpèt nèj rive akòz aksidan machin. Si w dwe vwayaje jodi a, ba tèt ou anpil tan, kondui dousman, epi rete nan yon distans pridan ant ou menm ak veyikil ki devan w lan.

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 56 kilomèt pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a — pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Gouvènè Cuomo te ofri ti konsèy sekirite sa yo pou moun k ap vwayaje yo:

Anvan ou kondui:

- Asire w ke machin ou gen materyèl dijans tankou lann, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

Pandan w ap kondui:

- Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.
- Kite machin ou lwen glas ak lanèj - bon vizyon enpòtan pou kondui byen.
- Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo.
- Pa bliye, pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)